

# 16

janvyè

**Jezi di li : Mwen se rezireksyon an. Mwen se lavi a. Yon moun ki kwè nan mwen, menm si li ta mouri, li va viv. Epitou, moun k ap viv epi ki kwè nan mwen, li p ap janm mouri ditou. Eske ou kwè sa ?**

Jan 11. 25, 26

**Laviktwa vale lanmò.** 1 Korentyen 15. 54

## **Yon vizit endezirab**

“Li te reyisi nan zafè pwofesyonèl, e yon sèl bagay li pa t ka evite se lanmò”. Yon ekriven ameriken fini yon woman ak fraz sa konsènan yon nonm ki te fè tout sa ki itil tounen règ lavi li.

Lanmò se tankou yon bagay etranj pou lèzòm. Yo pa ni envite l, ni yo pap tann li. Lè l ap apwoche, laperèz fini ak li. Devan lanmò, ou kapab fè figi di pou montre kijan ou brav oubyen vyan, men andedan ou santi ou sèl, paralize, san fòs.

Ni moun ki konvèti ni moun ki pa konvèti, pèsonn pa ka chape devan lanmò kò sa, k ap tounen nan pousyè. E lespri a, ki kote li prale ? Bib la di : “Souf lan menm ap tounen jwenn Bondye ki te ba nou l lan” (Eklezyas 12. 7). Gen de sitiyasyon posib la, de sèlman : swa nou te resevwa padon Bondye ak lavi etènèl sou latè, oswa nou te refize l e nou rete ak peche nou yo sou do nou, sa ki merite jijman ak kondanasyon.

Li enpòtan anpil pou nou gen asirans lè nou devan wout difisil sa a, nou pa ka evite ! Ou kapab gen anpil prevwayans nan zafè biznis, epi ou neglije totalman pou prepare lavni etènèl ou, apre kò a fin mouri.

Pou kapab gen asirans de yon lavni nan kè kontan, ou dwe mete konfyans ou nan sila ki te gen laviktwa sou lanmò a, Jezi Kris. Lè li te leve soti vivan nan lanmò li te di apot Jan : “Ou pa bezwen pè ! Se mwen menm ki ni premye ni dènye ! Se mwen ki te vivan, epi ki vin mouri a, epi gade : mwen vivan pou letan e pou letènite” (Revelasyon 1. 17, 18). Lafwa nan Jezi Kris mare nou ak li pou letènite.

# 16 janvier

**Jésus lui déclara : Moi, je suis la résurrection et la vie : celui qui croit en moi, même s'il meurt, vivra ; et qui conque vit et croit en moi, ne mourra pas, à jamais. Crois-tu cela ?** Jean 11. 25, 26

**La mort a été engloutie en victoire.** 1 Corinthiens 15. 54

## Visite indésirable

“Il connut le succès sur le plan professionnel, et le seul intrus dont il ne put se défaire fut la mort.” Un écrivain américain termine un de ses romans par cette épitaphe concernant un homme qui avait fait de l'utile la règle de sa vie.

La mort est une intruse pour l'être humain. Elle n'est ni invitée, ni attendue. Quand elle approche, la crainte s'empare de lui. Face à elle, on peut durcir son visage pour paraître courageux ou blasé, mais intérieurement on est seul, paralysé, sans force.

Croyant ou incroyant, personne n'échappe à la mort du corps, qui retourne à la poussière. Et l'esprit, où va-t-il ? La Bible dit : “L'esprit retourne à Dieu qui l'a donné” (Ecclésiaste 12. 7). Et là, il y a deux situations possibles, et deux seulement : soit, sur la terre, on a reçu le pardon de Dieu et la vie éternelle ; soit on l'a refusé et on reste chargé de ses péchés, qui méritent son jugement et la condamnation.

Combien il est important d'avoir des certitudes lorsqu'on est face à ce passage difficile et incontournable ! On peut être très prévoyant pour mener ses affaires, et négliger complètement de s'occuper de son avenir éternel, au-delà de la mort du corps.

Pour être assuré d'un avenir heureux, il faut faire confiance au grand vainqueur de la mort, Jésus Christ. Ressuscité, il a dit à l'apôtre Jean : “Ne crains pas ; moi, je suis le premier et le dernier, et le vivant ; et j'ai été mort, et voici je suis vivant aux siècles des siècles” (Apocalypse 1. 17, 18). La foi en Jésus nous lie à lui pour l'éternité.